

Terapi Òmonal pou Fè Pi Maskilen

Kisa li ye epi èske li bon pou mwen?

CHA pran angajman pou l fè kominote transjan an jwenn bon jan kalite swen ak sèvis sante. Nou ofri terapi òmonal pou granmoun ak adolesan ki gen 16 an pou pi piti ak sèvis pou moun ki poko gen 16 an. Pwofesyonèl medikal CHA nou yo ap travay avèk ou pou sipòte desizyon ki pi bon pou ou a.

Kisa yo rele òmòn? Òmòn yo se mesaj chimik ki di tisi nan kò a kijan pou yo fonksyone, ki lè pou yo grandi, ki lè pou yo divize ak ki lè pou yo mouri. Yo kontwòle anpil fonksyon nan kò a, ki gen ladan kwasans, dezi sèksyèl, grangou, swaf, dijèsyon, metabolis, konsomasyon grès ak estokaj grès yo, glisemi, nivo kolestewòl ak repwodiksyon.

Kisa òmòn seksyèl yo ye? Òmòn seksyèl yo patisipe nan devlopman penis la ak testikil yo, oswa vilv la ak klitoris la (ògàn jenital ekstèn yo). Òmòn seksyèl yo afekte karakteristik seksyèl segondè yo tou ki nòmalman devlope pandan pibète. Karakteristik sa yo gen ladan plim nan figi ak nan kò, kwasans zo, kwasans tete ak chanjman vwa.

There are three categories of sex hormones in the body:

- Andwojèn: testostewòn, deydwopepyandwostewòn (DHEA), diyidwotestostewòn (DHT)
- Estwojèn: estradyòl, estriyòl, estwòn
- Pwojèstin: pwojèstewòn

Anjeneral, moun ki gen testikil yo gen tandans gen nivo andwojèn ki pi elve, epi moun ki gen ovè yo gen tandans pou yo gen nivo estwojèn ak pwojèstojèn ki pi elve

Kisa yo rele Terapi Òmonal pou Fè Pi Maskilen an?

Terapi òmonal ka ede moun transjan yo santi yo pi alèz nan kò yo. Li gen ladan pran medikaman pou chanje nivo òmòn seksyèl yo nan kò ou. Chanjman nivo sa yo pral afekte kwasans cheve ou, distribisyon grès la, mas miskilè a ak lòt karakteristik ki asosye ak sèks epi ak idantite seksyèl.

Terapi òmonal pou fè pi maskilen Terapi òmonal pou fè pi maskilen an ka ede fè kò a parèt epi fè ou santi ou mwens “feminen” ak pi “maskilen” — sa k ap fè kò ou pi byen ale ak idantite ou.

Pandan terapi òmonal pou fè pi maskilen an, y ap ba ou òmòn mal testostewòn nan, ki se òmòn ki prensipalman responsab devlope trè fizik “maskilen” pandan l ap siprime peryòd ou ak bese pwodiksyon estwojèn nan ovè ou yo. Chanjman medikaman sa yo lakòz, kapab tanporè oswa pèmanan.

Terapi òmonal pou fè pi maskilen an ka afekte fètilite w ak fonksyon seksyèl ou epi lakòz lòt pwoblèm sante. Pwofesyonèl medikal ou yo nan CHA pral ede w mezire risk ak avantaj ki asosye ak terapi òmonal pou fè pi maskilen an nan ka patikilye pa w la.

Ki avantaj ki genyen nan terapi òmonal pou fè pi maskilen an? Terapi òmonal pou fè pi maskilen an gen avantaj fizik ak sikolojik enpòtan. Lè ou rapwoche lespri ou ak kò ou, sa soulaje twoub idantite seksyèl epi li ka ede w santi w pi byen ak kò w. Lè yo fin kòmanse ak òmòn yo, moun ki te gen twoub idantite seksyèl souvan dekri yo vin gen mwens anksyete, mwens depresyon, plis kè poze ak plis kè kontan.

Rechèch yo sijere terapi òmonal pou fè pi maskilen an ka san danje ak efikas osi lontan ou kenbe nivo òmonal ou nan entèval ki nòmal la pou sèks konsène a.

Atansyon, terapi òmonal pou fè pi maskilen an pa pou tout moun. Pwofesyonèl medikal ou a ka dekoutraje terapi òmonal pou fè pi maskilen si ou:

- Te gen oswa gen yon kansè òmòn ka fè vin pi mal, tankou kansè tete
- Ansent oswa ap bay tete
- Gen pwoblèm sante konpòtman ki pa sou kontwòl
- Gen gwo pwoblèm medikal ki pa sou kontwòl
- Gen yon pwoblèm sante ki limite kapasite w pou bay konsantman eklere

Ki medikaman ki gen ladan?

Testostewòn se òmòn ki prensipalman responsab devlope trè fizik “maskilen” e se li yo nòmalman itilize pou fè yon moun vin “pi maskilen” ak òmòn. Testostewòn nan mache sou tisi ki nan kò ou (paregzanp li favorize kwasans klitoris ou). Testostewòn poukont li ap fini pa fè peryòd ou rete, men pou fè yo rete touswit, pale avèk pwofesyonèl medikal ou sou ki tretman ki disponib. Ou ka pran testostewòn nan oswa nan piki oswa nan mete patch, krèm oswa jèl sou po ou.

Kisa yon dòz nòmal ye? Terapi testostewòn nan varye anpil. Desizyon sou sa pou w pran depann de sante ou ak objektif ou nan zafè idantite seksyèl. Chak tip testostewòn gen diferan risk ak efè segondè. Lè l ap preskri yon medikaman ak yon dòz espesifik, pwofesyonèl medikal ou a pral konsidere sante w an jeneral, sa gen ladan tout lòt medikaman w ap pran yo. Chak moun diferan - chak kò absòbe, transfòme epi reyaji ak òmòn seksyèl yo yon fason diferan.

Si ou fè yo wete ovè ou yo pi devan, ou gen dwa bezwen yo chanje dòz testostewòn ou an. Pou kenbe tout efè testostewòn nan, w ap gen pou kontinye pran li oswa pran yon lòt fòm medikaman pandan tout rès lavi ou. Anplis de sa, pou zo ou yo rete solid, pwofesyonèl medikal ou a nan CHA gen dwa sijere tou pou w pran sipleman kalsyòm ak Vitamin D.

Kontinye sou pwochen paj

Ki risk ki genyen nan Terapi Òmonal pou Fè Pi Maskilen an?

Pale ak pwofesyonèl medikal ou a nan CHA sou chanjman ki fèt nan kò w ak nenpòt enkyetid ou ta ka genyen. **Konplikasyon terapi òmonal pou fè pi maskilen an gen ladan:**

- Pran pwa
- Dyabèt tip 2
- Ti bouton kwasans
- Enfètilite
- Vin chòv menm jan ak gason
- Doulè nan klitoris
- Apne somèy
- Twonboz venn fon ak/oswa anboli nan poumon (boul san nan venn) si nivo globil wouj yo monte twò wo
- Tansyon wo
- Pwodiksyon twòp globil wouj (poliglobili)
- Doulè pèlvyen
- Yon pwoblèm sante kote pawa vajen an vin pi sèch ak pi fen (vajinit atwofik)
- Devlopman yon nivo anòmal kolestewòl ak lòt lipid, sa ki gen dwa ogmante risk kadyovaskilè a (dislipidemi)

Èske m ap kapab fè pitit? Nou poko fin konprann nèt efè alontèm testostewòn sou fètilite. Terapi òmonal pou fè pi maskilen an ka diminye kapasite w pou fè pitit, paske risk enfètilite pèmanan an ogmante ak itilizasyon òmòn alontèm. Kapasite vin ansent la gen dwa pa retounen menm si ou sispann pran testostewòn. Si ou vle gen pitit biyolojik, pale ak pwofesyonèl medikal ou sou opsyon ou yo anvan ou kòmanse terapi òmonal pou fè pi maskilen an.

Menm si testostewòn nan kapab gen konsekans pèmanan sou fètilite ou, gen dwa kanmenm gen chans pou w vin ansent menm lè ou fin kòmanse terapi òmonal la. **Tou depann de fason ou fè sèks, ou ka bezwen sèvi ak kontraseptif.**

Kijan mwen ka pare pou Terapi Òmonal pou Fè Pi Maskilen an?

Anvan w kòmanse terapi òmonal pou fè pi maskilen an, pwofesyonèl medikal ou a pral evalye sante w pou l elimine oswa rezoud tout pwoblèm medikal ki ta ka afekte tretman w lan oswa kontrendike li.

Evalyasyon an ka gen ladan:

- Yon egzamen antesedan medikal pèsònèl ak familyal ou
- Yon egzamen fizik, ki gen ladan yon evalyasyon ògàn repwodiktif ekstèn ou yo
- Tès laboratwa ki mezire lipid ou, glisemi ou, kantite selil nan san ou, nivo anzim nan fwa ou ak elektwolit ou, ak yon tès gwosès
- Yon egzamen ki vaksen ou te pran
- Tès ki apwopriye pou laj ou ak sèks ou, tankou fwoti vajinal oswa mamogram
- Idantifikasyon ak jesyon konsomasyon tabak, dwòg, alkòl, VIH ak lòt enfeksyon ki transmèt seksyèlman
- Diskisyon sou kontrasepsyon ak sou si ou vle fètil pi devan
- Diskisyon sou itilizasyon apwòch tretman ki kapab danjere, tankou òmòn yo pa preskri

Ou ka gen bezwen yon evalyasyon sante konpòtman tou nan men yon pwofesyonèl ki se espesyalis nan sante transjan.

Evalyasyon an ka detèmine:

- Your gender identity and gender dysphoria
- The impact of your gender identity at work, school, home and social environments, including issues related to discrimination, relationship abuse and minority stress
- Mood or other mental health concerns
- Sexual health concerns
- Risk-taking behaviors, including substance use or unapproved hormone therapy or supplements
- Protective factors such as social support from family, friends and peers
- Your goals, risks and expectations of treatment and your future care plans

Ki chanjman mwen ka atann?

Pou kèk moun, chanjman sikolojik sa a rive kou yo kòmanse pran òmòn yo. Pou lòt moun, li rive yon ti jan pi ta lè chanjman fizik yo parèt. Chak moun chanje yon fason diferan. Vitès chanjman yo parèt pou ou depann de laj ou, de kantite reseptè òmòn ki genyen nan kò ou ak de fason kò ou reyaji ak medikaman an. Pa gen okenn fason pou konnen kijan kò ou pral reyaji anvan ou kòmanse pran òmòn yo.

Androgen blocker (spironolactone) without estrogen

Taking spironolactone (the most common androgen blocker) without estrogen has small effects blocking the effect of testosterone in your body. Most of the changes are reversible, which means if you stop taking it, your body will go back to how it was before you started taking the medicine. Androgen blockers affect the whole body. You cannot pick the changes you want.

Delè mwayen	Efè
Aprè 1 jiska 3 mwa	<ul style="list-style-type: none">• Ogmantasyon dezi seksyèl• Vajen sèch• Kwasans klitoris ou (nòmalman 1 jiska 3 cm)• Plim sou bra, janm, do ak vant ki pouse plis, vin pi grenn ak pi epè• Po pi gra ak plis ti bouton kwasans• Ogmantasyon mas miskilè a ak fòs nan pati siperyè kò a• Redistribisyon grès kò a (plis bò tay la ak mwens bò ranch yo)
Aprè 1 jiska 6 mwa	<ul style="list-style-type: none">• Peryòd yo rete
Aprè 3 jiska 6 mwa	<ul style="list-style-type: none">• Vwa a kòmanse kase ak bese (sa ka pran jiska yon lane pou li fin chanje nèt)
Chanjman piti piti (nòmalman pran omwen 1 lane)	<ul style="list-style-type: none">• Plim ap pouse nan figi an piti piti (sa nòmalman pran 1 jiska 4 ane pou yo fin pouse nèt)• Li posib pou w fin chòv tankou “gason”

Pifò nan efè òmonal yo fèt nan 2 premye ane yo. Pandan tan sa a, pwofesyonèl medikal ki preskri testostewòn ou an ap vle wè ou regilyèman. Sa ap kontinye jiskaske li detèmine dòz ki pi bon pou ou a epi tès san yo montre ou nan yon nivo konstan

Nan randevou nan 2 premye ane yo, pwofesyonèl medikal ou a ap siman:

- Gade plim nan figi ou ak nan kò w. Si w raze w, pwofesyonèl medikal ou a ap mande ak ki vitès plim ou yo repouse.
- Poze kesyon sou dezi seksyèl ou, chanjman nan klitoris oswa lòt chanjman seksyèl; peryòd, po ak vwa
- Preskri tès san pou verifye nivo òmòn ou
- Poze kesyon sou kijan w santi w konsènan chanjman ki fèt yo
- Lè 2 ane fin pase,ly ap siman mande ou si ou remake lòt chanjman poutèt òmòn yo

Èske chanjman yo pèmanan? Pifò chanjman w ap remake poutèt testostewòn nan pa revèsib nèt, menm si ou sispann pran testostewòn nan.

- **Pèmanan (pa revèsib):** kwasans klitoris la, vwa pi grav, plim ki pouse. Ou gen dwa oswa vin oswa pa vin chòv tankou “gason”, sa ap depann de jan sa ye nan fanmi ou.
- **Gen dwa oswa gen dwa pa revèsib:** plim nan kò ak nan figi yo ap diminye men nòmalman yo pa fin disparèt nèt, kapasite vin ansent
- **Revèsib:** peryòd yo ap retounen epi chanjman nan grès, misk ak po yo ak defèt

Kisa ki p ap chanje?

Terapi òmonal p ap chanje sèten karakteristik fizik, e genyen ki chanje tou piti sèlman. Pami yo gen aspè nan kò ou ki devlope anvan nesans ou (vajen, kwomozòm sèks yo, elatriye) epitou karakteristik fizik ki devlope poutèt ogmantasyon estwojèn nan pandan pibète.

Tisi tete a pa prale. Testostewòn nan gen dwa pote yon chanjman tou piti nan fòm pwatrin ou poutèt l ap ogmante mas miskilè a epi diminye grès la. Gen moun ki fè “operasyon nan pati siperyè kò a,” yon operasyon pou wete tisi tete epi bay pwatrin yo yon lòt fòm.

Yon fwa zo ou yo sispann grandi apre pibète, testostewòn nan pa ka chanje ni gwosè ni fòm zo ou yo. Pa gen tretman ou ka fè ni pou vin pi wo ni pou fè men ak pye ou vin pi gwo.

Kontinye sou pwochen paj

Ki lòt bagay mwen ta dwe konnen?

W ap bezwen swen prevansyon woutin si ou pa t fè sèten operasyon, tankou:

- **Depistaj kansè tete:** Li ta dwe fèt dapre rekòmandasyon pou depistaj kansè tete ki apwopriye dapre laj pou fi ki idantifye tèt yo ak sèks yo. Si mamografi pa posib poutèt operasyon pou fè pwatrin nan vin pi maskilen, yo rekòmande pou w egzaminen tete ou alamen.
- **Depistaj kansè kòl matris:** Li ta dwe fèt dapre rekòmandasyon pou depistaj kansè kòl matris ki apwopriye dapre laj pou fi ki idantifye tèt yo ak sèks yo. Fè pwofesyonèl medikal k ap fè fwoti vajinal ou a konnen w ap pran testostewòn epi verifye li make li sou papyè l ap voye ak tès ou a. Terapi sa a ka lakòz tisi kòl matris ou vin fen (deperisman kòl matris), ki gen dwa sanble yon pwoblèm sante kote yo jwenn selil anòmal sou sifas kòl matris la (displazi sèvikal).
- **Evalyasyon senyman nan vajen:** Si ou gen senyman nan vajen ki pa rete oswa ki plede ap retounen, li enpòtan pou fè evalyasyon bonè.
- **Sipleman:** Sa gen ladan sipleman nòmal kalsyòm ak vitamin D, ansanm ak evalyasyon dansite zo dapre rekòmandasyon ki apwopriye pou laj gason ki idantifye tèt yo ak sèks yo.

Swen Transjan nan CHA

CHA te genyen deziyasyon “LGBTQ+ Healthcare Equality Leader” (Lidè nan Egalite nan Swen Sante pou LGBTQ+) ke anpil etablisman konvwate pou ane 2022 an nan edisyon 15yèm anivèsè Endèks Egalite Swen Sante (Healthcare Equality Index) Fondasyon Kanpay pou Dwa Moun nan (Human Rights Campaign Foundation). Vizite paj [LGBTQ+ Living Well](#) (Byennèt LGBTQ+) ak [Transgender Care](#) (Swen Transjan) nou yo pou jwenn plis enfòmasyon sou angajman nou pou pran swen kominote transjan ak divès idantite seksyèl yo.

Used with permission of Mayo Foundation for Medical Education and Research, all rights reserved.

“Masculinizing Hormone Therapy.” Mayo Clinic, Mayo Foundation for Medical Education and Research, 1 Nov. 2022, <https://www.mayoclinic.org/tests-procedures/masculinizing-hormone-therapy/about/pac-20385099>.